

# Demann pou Fè Aranjman Pèman oswa Konteste Sispansyon Privilèj pou Kondui akoz non Peman Pansyon Alimantè pou Timoun

Ou ka soumèt yon demann pou fè aranjman pèman pou evite sispansyon privilèj ou ka konteste pou sispansyon privilèj ankou lè ou konplete epi soumèt fòm sa bay Inite Prelèvman Pansyon Alimantè a (Support Collection Unit, SCU) nan **karant senk (45) jou** apre dat avi ki anekse a.

- Konplete Pati I an pou mande aranjman pèman pou evite sispansyon privilèj ankou ou yo.
- Konplete Pati II a pou konteste sispansyon privilèj ki ankou ou yo.

## Itilize lank nwa sèlman

### Pati I. Demann pou aranjman pèman

1. Mwen vle fè yon aranjman pèman. Mwen anekse dokiman yo mande yo:

- Deklarasyon sou sèman sou valè nè* mwen ki egzekite epi verifye ki endike revni ki soti nan tout sous, byen an likid ak byen fonsye mwen; ak
- yon kopi lisans mwen; ak
- yon kopi deklarasyon enpo federal ak Eta ak deklarasyon W-2 ki pi resan mwen te depoze oswa yon kopi avi ke mwen pa t depoze ke mwen te resevwa nan ajans fiskal la; ak
- yon kopi souch chèk pewòl oswa yon lèt mèt travay mwen an siyen, ki deklare revni aktyèl mwen ak / oswa prèv tout benefis mwen te resevwa (sètadi, Sekirite Sosyal, Benefis Asirans Chomaj); ak
- yon istorik travay sou dizwit (18) mwa

### Tanpri li sa yo ak atansyon:

Ou ka jwenn yon fòm *Deklarasyon sou sèman pou valè nè* lè ou vizite sit pansyon alimantè pou timoun Eta New York la nan [childsupport.ny.gov](http://childsupport.ny.gov), oswa lè ou kontakte **Liy Asistans pou Pansyon Alimantè pou Timoun (Child Support Helpline) Eta New York** la gratis nan **888-208-4485** (TTY 866-875-9975), lendi rive vandredi soti 8:00 AM pou 7:00 PM. Ou ka jwenn yon lis founisè Sèvis Relè ki rekoni nan ([www.fcc.gov/general/internet-based-trs-providers](http://www.fcc.gov/general/internet-based-trs-providers)).

Si yo detèmine ou pa kalifye pou aranjman pèman, n ap kontakte ou pou diskite sou pwochen aksyon yo konsa:

- Y ap mande w egzekite yon *Deklarasyon sou Sèman pou Konfesyon Jijman* pou montan total ou dwe a. Sa ap mete sipò alimantè ou dwe a nan jijman k ap akimile enterè a nan yon pousantaj 9 pousan pa ane dapre lwa Eta NY la.
- Apre sa, w ap egzekite yon *Aranjman Peman Satisfèzan* pou peye sipò alimantè a pa egzekisyon revni konfòmman ak Seksyon 5241 Lwa ak Règleman sou Pratik Sivik la, ki dwe enkli nan dediksyon ki sifizan pou asire konfòmman ak obligasyon sipò aktyèl la ak yon montan siplemantè ki pou aplike sou sipò alimantè ou dwe a; oswa, pou dakò pou fè pèman dirèkteman ban nou pou sa ou dwe a nan yon montan ki konfòm ak sa ou t ap fè dapre yon egzekisyon sou revni.
- Egzekisyon yon *Aranjman Peman Satisfèzan* genyen ladan l siyati ak verifikasyon k ap avize SCU a de tout chanjman adrès alavni jiskaske moman sa kote obligasyon pou peye sipò alimantè a fini.

Si yo refize demann ou an pou fè aranjman peman, Depatman Veyikil Amotè (Department of Motor Vehicles) Eta New York la ap avize w ke yo te sispann privilèj ki ankou ou yo.

### Pati II. Kontestasyon

2. Mwen vle konteste sispansyon pèmi kondui mwen an akoz (tcheke tout kaz ki aplike):

- a. Mwen pa moun ke yo idantifye ki dwe pansyon alimantè, jan nou ka wè sa nan:
  - yon kopi pèmi kondui m oswa kat idantite m
  - yon kopi paspò m oswa kat Sekirite Sosyal mwen
  - lòt \_\_\_\_\_

- b. Mwen pa genyen okenn lòd tribinal ki egzije pou m peye yon pansyon alimantè, oswa lòd pou peman pansyon alimantè m nan te anile, fini oswa tribinal la pa t janm anrejistre l epi m pa dwe okenn aryere pansyon alimantè, jan dokiman sa a pwouve l la:
- yon kopi lòd tribinal la ki anile oswa ki mete fen ak lòd pansyon alimantè a
- lòt \_\_\_\_\_
- c. Montan ki afiche ou dwe a pa kòrèk epi / oswa li pa egal a omwen kat (4) mwa nan ogligasyon sipò alimantè mwen an jan sa demontre nan:
- yon kopi (fas ak do) yon chèk ki anile oswa yon manda bankè ke ajans sipò pou timoun nan te depoze men ki pa kredite sou kont mwen
- dokimantasyon ki sipòte reklamasyon mwen an ke pansyon alimantè pitit mwen an pa t byen kalkile
- yon kopi lòd tribinal mwen ki modifiye lòd pou pansyon alimantè pitit mwen an oswa ki fikse montan ki dwe a
- lòt \_\_\_\_\_
- d. Mwen resevwa asistans tanporè ak / oswa Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI), jan sa demontre nan:
- yon kopi kat idantite mwen; ak
- yon kopi lèt ki verifiye benefis m ap resevwa yo
- lòt (idantifye) \_\_\_\_\_
- e. Revni mwen pi piti pase montan rezèv otosifizans mwen ki se 18,347 pou 2022, oswa lè mwen fin peye obligasyon pansyon aktyèl mwen revni ki disponib mwen pi piti pase montan rezèv otosifizans mwen, jan prèv revni ki anekse a demontre l la:
- Deklarasyon sou sèman sou valè nè* mwen ki egzekite epi verifiye ki endike revni ki soti nan tout sous, byen an likid ak byen fonsye mwen (Nòt: ou ka jwenn yon fòm *Deklarasyon sou sèman pou valè nè* lè ou vizite sit pansyon alimantè pou timoun Eta New York la nan **childsupport.ny.gov**, oswa lè ou kontakte **Liy Asistans pou Pansyon Alimantè pou Timoun (Child Support Helpline) Eta New York** la gratis nan **888-208-4485** (TTY 866-875-9975), lendi rive vandredi soti 8:00 AM pou 7:00 PM. Ou ka jwenn yon lis founisè Sèvis Relè ki rekoni nan ([www.fcc.gov/general/internet-based-trs-providers](http://www.fcc.gov/general/internet-based-trs-providers)); ak
- yon kopi lisans mwen; ak
- yon kopi deklarasyon enpo federal ak Eta ak deklarasyon W-2 ki pi resan mwen te depoze oswa yon kopi avi ke mwen pa t depoze ke mwen te resevwa nan ajans fiskal la; ak
- yon kopi souch chèk pewòl oswa yon lèt mèl travay mwen an siyen, si genyen, ki deklare revni aktyèl mwen ak prèv tout benefis mwen te resevwa (sètadi, Sekirite Sosyal, Benefis Asirans Chomaj); ak
- yon istorik travay sou dizwit (18) mwa
- f. Lòt rezon:
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

**Si yo jwenn ke revni ou nan nivo oswa ap tonbe pi ba pase montan rezèv otosifizans lan, n ap kontakte ou pou diskite de pwochen aksyon yo konsa:**

- Pou evite sispansyon privilèj ki ankou ou yo, y ap mande w egzekite yon *Deklarasyon sou Sèman pou Konfesyon Jijman* pou montan total ou dwe a. Sa ap mete pansyon alimantè ou dwe a nan jijman k ap akimile enterè a nan yon pousantaj 9 pousan pa ane dapre lalwa.
- Y ap egzije w egzekite epi verifiye tou yon deklarasyon ke w ap avize SCU a de tout chanjman adrès alavni jiskaskè moman sa kote obligasyon pou peye sipò alimantè a fini.

**Si ou soumèt yon kontestasyon pou youn nan rezon ki site anwo yo**, n ap voye desizyon nou ba ou pou kontestasyon w lan nan swasant kenz (75) jou apati dat avi ki anekse a.

**Idantifyan Dosye New York:** \_\_\_\_\_ **Nimewo Sekirite Sosyal:** \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_

**Non an lèt detache:** \_\_\_\_\_ **Telefòn:** (\_\_\_\_\_) \_\_\_\_\_

**Siyati:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_